

Chè Rezidan ki nan Lojman Piblik ak nan Seksyon 8,

Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ap travay an tèt ansanm avèk Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development), Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene), Administrasyon Ijans Vil New York (New York City Emergency Management) ak lòt kolaboratè Vil, Eta ak federal yo pou swiv deprè Coronavirus (COVID-19) la nan Vil New York ak swiv kijan li ka afekte sekirite ak byennèt rezidan ak anplwaye nou yo.

Yè, Majistra Bill de Blasio deklare yon eta dijans pou Vil New York, epi nou ta renmen pataje avèk ou sèten mezi n ap pran pou n ede w rete an sekirite, pou n soulaje difikilte yo epi pou n kanpe pwopagasyon COVID-19.

- Anplwaye NYCHA yo ap ogmante kantite fwa yo fè netwayaj toulejou nan site rezidansyèl yo, avèk yon anfaz espesyal sou zòn ki gen anpil trafik, ke moun manyen souvan, ikonpri pòt dantre nan biling yo, bouton asansè yo, bwat postal yo, ak pòt pou konpaktè fatra yo. N ap itilize yon konbinezon konsyèj NYCHA ak konpayi sèvis netwayaj yo.
- Nou fè yon antant ak yon founisè ekstèn pou n fè netwayaj afon nan developman pou granmoun aje yo ak lòt kanpis ki ka sibi enpak COVID-19 yo. Founisè a itilize yon pwosesis ki gen 2 etap ladann: netwayaj afon ak yon kouch pwoteksyon biyo/ekolojik-ki touye mikwòb anvan yo kole sou sifas la epi ki dire jeneralman 90 jou. Kòm mezi prekosyon, nou pral fè founisè a aplike pwosesis sa a sou yon sik 30 jou. Founisè a kòmanse netwayaj yo nan mèkredi 11 mas.
- Efektif imedyatman, nou kanpe sou tout sispanson ki te planifye, jiskaske nou fè yon lòt anons.
- N ap kanpe sou eviksyon rezidansyèl yo pandan tout tan Vil la ann eta dijans.
- Konfòmeman ak règleman NYCHA sou difikilte pou peman lwave ki déjà etabli a, n ap ankouraje fwave k ap fè fas ak pèt revni yo pou yo mande yon Resètifikasyon Pwovizwa pou nenpòt rediksyon nan revni ki pral dire plis pase 2 mwa; pou fè sa, yo dwe ale nan Pòtay Sèlf Sèvis NYCHA a nan <https://selfserve.nycha.info> oswa lè yo mande yon fòm sou papye nan biwo Administrasyon Pwopriyete a.
- Biwo Odyans Administratif NYCHA a ap ranvwaye tout dosye yo pou 2 semèn, epi lè sa a n ap revalye orè odyans lan pou detèmine si pou nou pwolonje delè ajourneman a.
- N ap ranvwaye reyinyon publik afas-a-fas yo ak evènman nan biwo NYCHA ak developman yo pou 30 jou.
- Efektif lendi n ap fèmen Sant Kontak Kliyan San Randevou yo nan Brooklyn ak Bronx pou publik la.

Pandan n ap pran mezi enpòtan ak mezi pwoaktif sa yo pou kominate NYCHA ka rete an sekirite, n ap ankouraje rezidan nou yo tou pou yo itilize sistèm anliy ak otomatize Ajans la pou fè tranzaksyon yo, epi pou yo itilize tou MyNYCHA, Pòtay Sèlf Sèvis la, ak kyòs yo. Al gade nan [on.nyc.gov/mynycha](http://on.nyc.gov/mynycha) pou telechaje aplikasyon MyNYCHA a.

N ap kontinye ba w dènye enfòmasyon k ap soti sou COVID-19 ofiramezi nou resevwa enfòmasyon yo. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele CCC a nan 718-707-7771.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou COVID-19, al gade nan [nyc.gov/coronavirus](http://nyc.gov/coronavirus).